



1. **PÈMISYON ~ "ÈSKE M KA POZE W YON KESYON?"**

KI PI BÈL BAGAY KI RIVE NAN LAVI W?

ÈSKE M KA PATAJE AK OU PI BÈL BAGAY KI RIVE NAN LAVI M?

2. **A.K. ~ Dekri lavi w ANVAN W TE JWENN AK KRIS.**

FINI FRAZ SA A AK TWA ADJEKTIF OUBYEN TWA BOUT FRAZ :

"GEN YON LÈ NAN LAVI M, MWEN TE ..."

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_\_

3. **K.C. ~ Ki sa ki te 'KAFOU CHANJMAN' pa w la?**

1. KÒMAN OU TE RIVE TANDE PALE DE JEZI? "EPI YON JOU,..."

\_\_\_\_\_

2. FINI FRAZ SAA: "LÈ M REYALIZE JEZI TE MOURI POU PECHE M YO EPI LI RESISITE, MWEN TE ENVITE L ..."

\_\_\_\_\_

4. **E.M. (EPÒK MÈT LA) ~ "DEPI M FIN JWENN AK JEZI, MWEN..."**

DEKRI BON CHANJMAN KRIS FÈ NAN LAVI W YO.

1. \_\_\_\_\_

2. \_\_\_\_\_

3. \_\_\_\_\_

5. **"SI M PA T JANM RANKONTRE AK KRIS, MWEN..."**

AK KI SA LAVI W T AP SANBLE SAN JEZI?

\_\_\_\_\_

**ALE PI LWEN...**

Aprè ou fin pataje YON MINIT TEMWAYAJ LA, ou ka poze kesyon sa yo:

**“Èske m ka di w ki jan Bib la montre ou ka konnen si w pra l nan syèl?”**

Si repons lan se “wi”, vini ak pwen ‘AKK’ yo.

**‘A’ ~ ADMÈT** mwen fè sa k pa bon, epi peche m yo separe m ak Bondye ki Sen an. (Women 3:23)

**‘B’ ~ KWÈ** Jezi Kris te mouri pou padone mwen, apre sa li te resisite pou l montre li se Bondye toutbon an. (Women 10:9-10)

**‘C’ ~ KONFESE** peche mwen yo; mande Jezi pou ede m vire do bay peche epi pou l vin sovè mwen. (1 Jan 1:9)

**Si li konprann pwen AKK yo, kounye a poze kesyon enpòtan sa a:** “Ki sa ki ka anpeche w bay Jezi Kris lavi ou nèl ale jodi a menm?” Si li di pa gen anyen, kounye a mande “Ak èd Bondye, èske w vle vire do bay sa Bib la rele ‘peche’ a, pou w ka suiv Jezi chak jou?”

**PRIYÈ DELIVRANS LAN**

Jezi W te mouri sou lakwa

W resisite pou sove nou

Padone mwen pou peche m yo

Ou se Sovè m, Seyè m ak Zanmi m

Chanje vi m vin fè l tou nèl

Ede m Senyè pou m viv pou Ou

Priyè Delivrans La.  
Matt ak Sherry McPherson ki konpoze l.  
© 2004 by The Salvation Poem Foundation, Inc.  
TOUT DWA REZEVE.  
[www.thesalvationpoem.com](http://www.thesalvationpoem.com)

**DEKOUVRI KADO GRATIS SOU:  
OASISKADO.COM**

**LIV,  
MIZIK  
AK MATERYÈL**  
*POU ENSPIRE W NAN  
TEMWAYAJ OU!*



[oasiskado.com](http://oasiskado.com)

**FINI ISTWA OU A...**

Si l reponn "wi", kounye a mande l pou repete priyè sa a ak tout kè l pandan n ap sèvi ak sa l te aprann nan pwen ‘AKK’ yo oubyen ‘Poèm *Delivrans lan*’. Lè li fini, felisite l epi di li 3 bagay sa yo : li Bib ou chak jou, priye chak jou, epi chache yon legiz ki kwè nan Bib la pou pèsevere chak semèn. Youn bay lòt imel ak nimewo telefòn nou, apre sa kontakte l nan 24 èd tan pou felisite l. Lè w rele l, mande l pou l li Jan 3:16-17 pou ou, epi mande l ki sa sa vle di pou li. Mande l ki jan li ta renmen ou priye pou li, epi envite l al legliz avè w oubyen ti gwoup ou.

**BA LI SIT ENTÈNÈT SA A POU SUIVI:**

**[www.rezenlase.com](http://www.rezenlase.com)**

Kounye a zanmi m, ou gen sa ou bezwen pou esperyans lavi ki p ap janm fini an. Mande yon zanmi pou l sèvi w konpayon nan pataje lafwa nou pandan 7 jou k ap vini yo. Ekri nou sou entènèt pou pataje rezilta ou jwenn yo nan [info@oasiswm.org](mailto:info@oasiswm.org). Epi annou sèvi l temwen chak jou... ann kòmanse jodi a!

**“CHÈ SEYÈ, MWEN DISPONIB JODI A. TANPRI FÈ M JWENN OPÒTINITE POU M PATAJE ISTWA MWEN JODI A. AMÈN.”**